

**PANERAPAN MODEL *DISCOVERY LEARNING* PIKEUN NGARONJATKEUN
KAPERCAYAAN DIRI TUR HASIL DIAJAR SISWA DINA TEMA BUMI DAN
ALAM SEMESTA**

**(Panalungtikan Tindakan Kelas dina Subtema Kenampakan Rupa Bumi di Kelas III
Semester II SDN Toblong 02 Kabupaten Bandung)**

**ku
Defanni Ferdiana
145060073**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu mibanda tujuan pikeun ngaronjatkeun kapercayaan diri tur hasil diajar siswa ku ngagunakeun modél discovery learning dina tema bumi dan alam semesta subtema kenampakan rupa bumi. Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas III SDN Toblong 02 sarta kasang tukang tina kaayaan siswa anu henteu némbongkeun kapercayaan diri dina prosés pembelajaran tur hasil diajar loba kénéh nu di handapeun KKM sabab guru sering nganggo metoda ceramah nu condong jadi monoton sarta henteu ngagunakeun model pembelajaran discovery learning. Panalungtikan ieu ngagunakeun metode Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) ku ngagunakeun sistem siklus tina tata, palaksanaan, observasi jeung réfléksi. panalungtikan ieu dipigawé dina tilu siklus, dua pertemuan di unggal siklusna nerapkeun modél pembelajaran discovery learning nu diwangun ku 6 fase, nyaéta rangsangan, nyatakeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, cara ngabuktoskeun, nyimpulkeun. penilaian anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaeta teknik tes kanggo nangtukeun hasil diajar murid, penilaian kapercayaan diri jeung angket pikeun nganyahokeun kapercayaan diri siswa. Hasil panalungtikan nunjukkeun ayana kamajuan nilai rata-rata tina penilaian percaya diri tur hasil diajar. Dina panilaian percaya diri nilai ratarata siklus 1 nyaeta 1,82 tur siklus 2 hasil rata-ratana 2,54, sedengkeun siklus katilu ngahontal nilai 3.36. Hasil diajar siswa dina siklus kahiji teu acan nembongkeun kategori tuntas jeung nilai rata-rata pretest 60,5 tur postés nilai rata-rata 60,3. Hasil diajar siswa dina siklus dua ogé teu acan nembongkeun kategori tuntas kalawan nilai rata-rata pretes 69,1 tur postés 71,21. Jeung dina siklus tilu hasil diajar siswa ngaronjat kalawan katagori tuntas mibanda rata rata pretes 76,48 jeung postes 78,73. Ieu nunjukeun yen pamakéan modél pembelajaran discovery learning bisa ningkatkeun kapercayaan diri tur hasil diajar siswa dina téma bumi dan alam semesta tumbuhan subtema kenampakan rupa bumi di kelas III SDN Toblong 02 Kabupatén Bandung. Ku kituna, pamakéan model pembelajaran discovery learning bisa dipaké salaku hiji modél pembelajaran bisa dilarapke.

Kecap Konci: discovery learning, kapercayaan diri, hasil diajar